



Pou Piblikasyon Imedya: 25/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE GRAN OUVÈTI DECKER COLLEGE OF NURSING AND HEALTH SCIENCES BINGHAMTON UNIVERSITY A NAN KONTE BROOME

Yon tablisman 112 mil pye kare- anvan ki te rele Endicott Shoe Box Factory-ouvri kounye a pou premye klas etidyan li yo

Eta New York deja investi yon total ki se 287 milyon dola a nan 5.26 ekta nan Kanpis Fakilte Medikal, ak STEM Education Initiatives nan Binghamton University a.

Gouvènè Kathy Hochul te anonse Decker College of Nursing and Health Sciences nan Binghamton University (BU) a nan Vilaj Johnson City, Konte Broome. Eta deja investi yon total ki se 287 milyon dola pou konplete Kanpis Fakilte Medikal (Health Sciences Campus) ki evalye a 5.26 ekta nan anba lavil Johnson City ki gen ladan Decker College, ak STEM Education Initiatives nan Binghamton University a. Etablisman aprantisaj ki fini kounye a, sis etaj, 112,000 pye kare, sitiye andedan Endicott Johnson Shoe Box Factory ki re-amenaje a. Yon fwa li te yon estrikti ki mezire 97,000 pye kare, pwojè a enkli konstriksyon ogmantasyon 15,000 pye kare nan batiman orijinal la. Yo anplwaye plis pase 130 pwofesè ak travayè atravè Decker College, ki gen plis pase 700 etidyan (premye sik ak sik siperyè). Gen plis pase 6,000 ansyen etidyan Decker College atravè mond lan, anpil ladan yo k ap sèvi kominote yo kòm klinisyen, chèchè, edikatè ak administratè premye plan.

"Se yon moman enteresan pou New York pandan n ap selebre gran ouvèti nouvo etablisman Binghamton University a pou Decker College of Nursing and Health Sciences, investisman nou an ki pi resan nan sistèm edikasyon klas mondyal New York la k ap kreye mendèv pou demen", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Atravè pwojè sa a ak lòt inisyativ transfòmasyon atravè Southern Tier a, nou pral kapab atire epi kenbe jèn talan pandan n ap grandi ekonomi eta nou an."

Nouvo Batiman Decker College of Nursing and Health Sciences lan, ki te akeyi premye etidyan li yo nan Johnson City an 2021, reprezante sèlman yon eleman nan Kanpis Fakilte Medikal anbisyè inivèsite a ki sitiye nan ansyen katye delabre nan Corliss Avenue nan vilaj la. Pwojè a gen ladan Binghamton University School of Pharmacy and Pharmaceutical Sciences, ki te gradye premye klas li a nan prentan ki sot pase a epi ak premye klas gradye sa a li te vin gen akreditasyon konplè pou pwogram ki soti

nan Konsèy Akreditasyon pou Edikasyon an Famasi (Accreditation Council for Pharmacy Education) a.

An patenarya ak Eta New York, Binghamton University deja transfòme yon zòn ki yon fwa te delabre nan yon seksyon ki gen gwo pwoblèm ekonomik nan Johnson City. Kanpis Fakilte Medikal la, ki sitiye jis nan sid Distri Biznis Main Street nan vilaj la, vin tounen yon kote moun ap viv, travay, jwe ak fè rechèch revolisyonè. Kounye a, inivèsite a ap fè patenarya tou ak Lourdes Hospital pou konstwi yon etablisman swen pou granmoun tou pre a ki pral sèvi kominote a epi pèmèt etidyan yo resevwa eksperyans klinik pratik.

Prezidan Binghamton University an Harvey Stenger te deklare, "Inisyativ Fakilte Medikal nou an ak kanpis Johnson City a pa t senpleman konkretize lannwit lan men yo te soti nan pwosesis planifikasyon estratejik Fèy-Dewout (Road Map) nou an. Nou te konnen nou te gen gwo fòs nan fakilte medikal epi gen yon pwoblèm mendèv lokal, rejyonal ak nan tout peyi a ke nou ta ka ede soulaje. Apre plizyè ane nan planifikasyon ak sipò ki soti nan tout kwen nan kominote Inivèsite nou an ak odela, nou te byen konsevwa pwogram pou School of Pharmacy and Pharmaceutical Sciences nou an e nou te bati kourikoulòm ak pwogram adisyonèl azalantou Decker School of Nursing nou an, ki te evolye pou vin Decker College of Nursing and Health Sciences. Nou kontan anpil tou pou nou transfòme nwayo iben Johnson City a. Estrateji nou an pou vize kominote anba lavil yo pou efò ekspansyon nou yo te bay rezilta nan Binghamton e kounye a, li gen menm enpak pozitif nan vilaj la. Nou remèsye lidèchip eta New York ak ofisyèl eli lokal nou yo pou finansman nou te resevwa gras ak dola kapital yo ak atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò (Upstate Revitalization Initiative) Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Council) la. Gouvènè Hochul te avèk nou depi nan konmansman an ap gade pwojè sa a k ap grandi epi nou kontan anpil pou nou gen li isit la jodi a pou temwanyen tout rezilta yo."

Investisman 287 milyon Eta New York la gen ladan finansman ki soti alafwa nan SUNY ak ESD pou sipòte kwasans kontinyèl inovan Kanpis Fakilte Medikal BU a ak kanpis prensipal li a nan Vestal.

Direktè Operasyon ak Komisè Egzekitif Adjwen Empire State Development (ESD) a, Kevin Younis te deklare, "Investisman ak patenarya Eta New York nan devlopman Kanpis Fakilte Medikal Binghamton University gen gwo enpòtans pou fè Johnson City avanse nan direksyon yon avni ki pi briyan. Nouvo etablisman sa a reflekte konsantrasyon estratejik ESD sou devlopman mendèv ak inovasyon, k ap kreye nouvo djòb ak amelyorasyon transfòmatif ki pral katalize davantaj revitalizasyon kontinyèl Southern Tier a."

Senatè Eta a, Fred Akshar, te deklare, "Nan yon moman kote enfimyè yo ra anpil, li tèlman enpòtan pou nou investi nan kreye opòtinite pou ede domèn enfimyè a pwospere. Sèvi ak envestisman sa yo pou transfòme kominote ki bezwen revitalizasyon tou se egzakteman fason gouvènman an ta dwe travay."

Manm Asanble Donna Lupardo te deklare, "Decker College of Nursing and Health Sciences se yon pati esansyèl nan kanpis Binghamton University a nan Johnson City. Kolèj la te re-amemaje yon faktori bwat soulye ki te abandone, sa ki te pote nouvo lavi ak enèji nan kominote a. Mwen rekonesan anvè tout patnè nou yo ki non sèlman te kwè nan Johnson City, men ki te konprann ke investisman sa yo ta rapòte dividann nan opòtinite edikasyonèl ak ekonomik ki nesèsè pou tout rejyon nou an ak eta nou an."

Chanselye SUNY an, Jim Malatras, te deklare, "Nouvo Decker School of Nursing and Health Sciences nan Binghamton University montre kapasite sa SUNY kapab fè ak investisman enpòtan Eta a. Investisman sa a ap pèmèt SUNY ede edike ak fòme travayè swen sante ki nesèsè anpil yo, espesyalman enfimyè yo ki se batman kè swen sante yo. Antanke branch devlopman mendèv pou New York, SUNY pare pou li fè fas ak defi pou satisfè demann travay la lè li bay edikasyon piblik ki gen bon jan kalite epi ki abòdab. Nou remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip li ak sipò san fay li nan SUNY."

Chèf Egzekitif Konte Broome Jason Garnar te deklare, "Travay k ap fèt nan Johnson City a te nan kè plan Inisyativ Revitalizasyon Rjyon Nò Eta nou an. Ouvèti nouvo lekòl enfimyè Binghamton University a se dènye siksè nan transfòmasyon k ap kontinye nan pati sa a nan Konte Broome. Bati kanpis Fakilte Medikal BU a ki adjasan ak UHS la kreye yon anviwònman pafè pou enfimyè yo, famasyen yo, ak lòt travayè swen sante alavni pou aprann ak fòme tèt yo. Mwen apresye angajman Gouvènè a ak Empire State Development, ansanm ak Inivèsite a, pou revitalize kominote nou an."

Majistra Vilaj Johnson City a, Greg Deemie, te deklare, "Patenarya ant Eta New York ak Binghamton University se yon faktè ki chanje jwèt la pou Johnson City. Investisman sa yo ap ede nou grandi ak revitalize katye yo atravè kominote nou an. Mwen espere kontinye travay ak patnè lokal ak eta nou yo pandan n ap katalize efò nou yo davantaj pou kreye yon avni ki pi briyan pou Johnson City."

Ko-Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Southern Tier a, Judy McKinney Cherry, Direktè Egzekitif, Patenarya Konte Schuyler pou Devlopman Ekonomik (Schuyler County Partnership for Economic Development, SCOPED) lan ak Kevin Drumm, Prezidan Broome Community College la, te deklare, "Pwojè sa a seprèv ke apwòch konsèy rejyonal la ap mache byenpliske li an pafèt amoni ak plan estratejik rejyon an lè li itilize anviwonman akademik lan pou devlopman ekonomik epi estimile revitalizasyon sant vil la lè li transfòme yon batiman vid pou l vin tounen yon etablisman dinamik. Nou atann nou pou n kontinye patenarya ak Inivèsite Binghamton lan pandan n ap travay ansanm pou n atire investisman, kreye djòb epi fòme mendèv demen yo, an menm tan n ap devlope epi ranfòse ekonomi rejyon Southern Tier la jounen jodi a."

Akselere Southern Tier Soaring

Anons jodi a vin konpleman pwojè "Southern Tier Soaring", ki se plan direktè global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik ki djanm ansanm ak devlopman kominote a. Plan ki fèt nan nivo rejyonal la konsantre sou atire yon mendèv ki plen talan, grandi

biznis yo ak estimile inovasyon. Kounye a, rejyon an ap akselere Southern Tier Soaring lan gras ak yon envèstisman 500 milyon dola Eta atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò (Upstate Revitalization Initiative) a. Envestisman 500 milyon dola Eta a ap ensite biznis prive yo investi plis pase 2.5 milya dola – e plan rejyon an, jan li soumèt la gen pwojè pou plis pase 10,200 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

Enfòmasyon sou Empire State Development

Empire State Development (ESD) se prensipal ajans devlopman ekonomik New York (www.esd.ny.gov). Misyon ESD se pou pwomouvwa yon ekonomi ki djanm ak pwospè, ankouraje kreyasyon nouvo travay ak opòtinite ekonomik, ogmante resèt pou Eta a ak minisipalite li yo, epi fè ekonomi lokal yo vin estab ak divèsifye. Gras a itilizasyon prè, sibvansyon, kredi taks ak lòt fòm asistans finansye yo, ESD ap fè efò pou amelyore envestisman biznis prive ak kwasans pou sipòte kreyasyon travay epi sipòte kominote pwospè yo toupatou nan Eta New York. ESD se egalman ajans administratif prensipal k ap kontwole Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Councils) Eta New York la ak komèsyalizasyon “I LOVE NEW YORK”, mak touris anblematik Eta a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Konsèy Rejyonal yo ak Empire State Development, ale sou www.regionalcouncils.ny.gov ak www.esd.ny.gov.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)